# ТАРАВИХЬ ЛАМАЗ
# (ТЕРХЬ ЛАМАЗ)
# СОЛАТУТ-ТАРАВИХЬ

[ Chechen ]

## صلاة التراويح

[اللغة الشيشانية]


**Адама Султана Олхазар**

ألخزور بن سلطان الشيشاني



www.dinulislam.com

**Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахӀан цӀарца!**

**Тара́ви́хь ламазан хадам**

Тара́ви́хь ламаз – иза къаьсттина мархин баттахь, пхьуьйра ламазал тӀаьхьа дуьйна Iуьйра ламазан хан кхаччалц йолчу юкъахь деш долу суннат ламаз ду.

**Тара́ви́хь ламазан хьукм**

Тара́ви́хь ламаз чӀагӀдина суннат ду. Иза суннат хилар тӀехь массо Iелам-нехан барт хилла а бу.

**Тара́ви́хь ламазан дозалла**

Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: *«Рамадан бат т ахь, иза бакъ хиларх а, парз хиларх а т еша а т ешаш, шена мел хиларга дог а дохуш, АллахIа доьхьа цу бет т ан буьйсанашкахь ламазаш динчунна гечдийр ду цуьнан дIадаханчу къиношна».*[1] Кхин а аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –: *«Бакъдолуш, нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа парз дина рамадан бат т ахь марха кхабар, ас суннат дина цу бат т ахь ламазаш дар. Рамадан бут т бакъ хиларх а, парз хиларх а т еша а т ешаш, шена мел хиларга дог а дохуш, АллахIа доьхьа цу бат т ахь марханаш кхаьбнарг а, ламазаш динарг а къинойх цIанлур ву, шен нанас ша доьххьара винчу хенахь санна».*[2] Оцу хьадисашкахь хьахийна долу *«цуьнан буьйсанна ламазаш дар»* бохург таравихь ламазаш дича а кхочуш хуьлу, Имам Нававийс – Дала къинхетам бойла цунах – доьххьаралера хьадисан маьIна деш ма-аллара.

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – кхин а аьлла таравихь ламазех лаьцна: *«Имам ва́ллалц цуьнца (т аравихь) ламаз динчунна АллахIа иза яздийр ду цо и буьйса ерриге ламаз деш яьккхича санна».*[3]

**Тара́ви́хь ламаз жамаIатца а, ша цхьамма а дар**

Таравихь ламаз жамаIатца дар гIолий а, мелехь а, деза а ду, ша цхьамма дечул а, хIунда аьлча Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цхьайолчу хенахь иза жамаIатца дина долу дела, цул тIаьхьа, Iумара – Дела реза хуьлда цунна – ша халиф волчу заманахь асхьабашка иза жамаIатца дайтина дела, массо асхьабаша хIетахь иза жамаIатца дина а долу дела. Луучо ша цхьамма дича а нийса хуьлуш ду иза, делахь а гIолий дерг а, деза дерг а дитина хуьлу иза ша цхьамма динчо. Цхьаболчу Iелам-наха аьлла: рамадан баттахь маьждиг чохь таравихь ламазаш данне а ца деш дитар мегаш дац.[4]

**Тара́ви́хь ламазан хан**

Цуьнан хан пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа дIайолалой, Iуьйра ламазан хан кхаччалц ю.

**Тара́ви́хь ламазан ракаIаташ**

---

[1] Бухари, Муслим.
[2] Ахьмад, Насаий, Ибн МаджахI.
[3] Ахьмад, Абу Давуд, Насаий, Ибн МаджахI.
[4] «ТIорхьут-тасри́б» тIехь Имам Ал-Iирокъийс дийцина иза.

Таравихь ламазан ракаIаташ йа бархI ракаIат ду, йа ткъа ракаIат ду. БархI ракаIат хилар деана Iаишас – Дела реза хуьлда цунна – аьллачу дашехь, - *«Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – буьйсанна деш долу ламазаш сов ца дохура цхьайт т а ракаIат ал, рамадан бат т ахь а, йа кхечу бет т анашкахь а».*[5] Ткъа оцу цхьайтта ракаIат юкъара кхоъ витр ламаз ду, диссина бархI таравихь ламазана ду. Кхин а, Iумаран – Дела реза хуьлда цунна – заманахь, цо асхьабаш таравихь ламаз дан жамаIатехь гулбинчу хенахь, цара а цхьайтта ракаIат динера аьлла деана ду.[6] Кхин а, цара цу хенахь, витр ламаз доцург, ткъа ракаIат таравихь ламазаш динера аьлла деана а ду,[7] цундела иза ткъа ракаIат даран тешалла ду. Цхьаболчу Iелам-наха хIара тIаьххьарниг иснадаца нийса дац аьлла, цхьаболчара нийса ду аьлла, цигара схьа цхьаболчара бархI ракаIат дича гIолий ду аьлла, вукхара ткъа ракаIат дича а дика ду аьлла.

**Тара́ви́хь ламазехь доьшу сураташ**

Таравихь ламазехь къаьсттина цхьа сураташ дешар, йа хIоккхул-оццул дешар суннатехь деана дац. Ткъа дуккхах болчу Iелам-наха, таравихь ламазашкахь берриге баттахь Къуръан цкъа дешна чекхдаьккхича дика ду аьлла, хIора буьйсанна цхьацца жуз доьшуш. Иза дича дика дерг а, мелехь дерг а ду, луучо кхин а кIеззиг деша а мегаш ду.

**Тара́ви́хь ламазан куц**

Таравихь ламазан куц кхидолчу ламазийн куц санна ду.

Таравихь ламаз дIадолош, азан даран а, къамат даран а меттана «Ассола́ту джа́миIахI» эр ду. Цхьаболчу Iелам-наха, иза хIора керла ламаз дIа мел доладо эр ду аьлла, цхьаболчара доьхххьара ламаз дIадолош аьлча тоьар ду аьлла. И дешнаш олуш хезча, къаматехь санна, хезаш волчо эр ду: «Ла хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хI». «Ассолату джамиIахI» хIора ламазана алар а, цунна жоп луш «Ла хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хI» алар а суннатехь къастийна деана а дац, йа ШафиIийн мазхIабера хьалхалерачу Iелам-наха хьахийна а дац, цундела уьш иштта ца олуш Iаддитича а гIалат дац.

Ниййат дечу хенахь, таравихь ламазана ниййат хила деза, йа рамадан беттан буьйсанна ден ламаз дан аьлла ниййат хила деза, юкъара суннат дан аьлла ниййат дича таравихь ламаз хир дац иза.

Таравихь ламазехь «Фатихьат» а, цул тIаьхьа доьшу сураташ а чIогIа дешар суннат ду.

Таравихь ламаз деш хIора шина ракаIатал тIаьхьа салам дала деза, диъ ракаIат цхьана саламца дар нийса дац. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: «Буьйсанна деш долу ламаз шишша ракаIат ду».[8]

ХIора ши ламаз дIа мел долу, садаIар дика ду, луучо Къуръан доьшуш, йа зикр деш, йа хьехам беш. Иза иштта дика хилар вайна девза, хьалха-хьалха хиллачу бусалба наха иза деш хилла хиларца. Iелам-наха ма-аллара, цара, шаьш таравихь ламазаш дехха деш хиларна, хIора диъ ракаIат дIа мел-дели садоIуш хилла, ткъа Маккахь болчара хIора диъ ракаIатал тIаьхьа тIаваф деш хилла.

---

[5] Бухари, Муслим.
[6] Малик, СаIид ибн Мансур.
[7] БайхIакъий.
[8] Бухари, Муслим.

«Таравихь» - аьлла оцу ламазан цIе а «тарви́хьахI» - «садаIар» бохучу даш тIера схьа тиллина ю, хIора шина ламаз юкъахь цара садоIуш хилла дела.

**Тара́ви́хь ламазал тIаьхьа витр ламаз дар**

Витр ламаз жамаIатца дар суннат дац, мархин баттахь бен. Рамадан баттахь витр ламаз жамаIатца дар суннат ду, таравихь ламазел тIаьхьа деш делахь а, дацахь а.

Нагахь санна ша Iуьйкъа ламаз дийр делахь, витр ламаз цул тIаьхьа дан тIаьхьататтар гIолий ду, таравихь ламазал тIаьхьа а ца деш, ткъа шена луучо таравихь ламазел тIаьхьа жамаIатца а дийр ду иза.

Таравихь ламазел тIаьхьа витр ламаз цкъа динчул тIаьхьа, Iуьйкъа ламазал тIаьхьа юха дан мегар дац витр ламаз, хIунда аьлча Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла долу дела: «Цхьана буьйсана чохь ши витр дац».[9]

[9] Абу Давуд, Тирмизий, Насаий.